Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 49 (6510) 24 октябрь 2016 с. Итни МухIаррам 1438 с. Багьа 5 гъур.

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

# Цо чи чIвай – инсаниятго чIвай

## Гумбет районалда тIобитIана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи

**Гумбет районалда, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановасул нухмалъиялда, тIобитIана терроризмалда дандечIараб комиссиялъул данделъи.**

Гьенир гьоркьор лъун рукIана суалал:

1. «Терроризмалъул идеологиялъул къорикье ккарал ва ккеялда хIинкъи бугел гIадамазулгун бичIчIи кьеялъул хIалтIи лъикI гIуцIиялъул рахъалъ тIадеги тадбиразул хIакъалъулъ».
2. «Дагъистаниял терроризмалда данде-ВатIан хирияб буго» абураб республикаялда тIобитIараб экстремизмалда ва терроризмалда данде къеркьеялъул моцIалъул хIасилазул хIакъалъулъ».

Данделъи рагьулаго ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна экстремизм ва терроризм хIинкъи бугеллъун кколин. Европаялда, Азиялда, ГIагараб Бакъбаккул улкабазда террористазул хIаракатчилъи цIикIкIунеб букIиналъ, нилъецаго цIодорлъи гьабизе, гьоркьоса къотIичIого гIолеб гIелалда, гIолохъабазда гьоркьоб бичIчIикьеялъул хIалтIи гIуцIизе ккола.

Данделъиялда гьоркьоб лъураб тIоцебесеб суалалда тIасан доклад гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **Малик Маликовас.** Гьес абуна терроризмалда ва экстремизмалда данде къеркьеялъулъ аслияблъун кколин жамгIияталда гьелъул зарал бичIчIинаби. Хасго гьеб хIалтIи гIуцIизе ккола къваригIел гьечIел ишаздехун гьетIиялда, такъсирчилъиялда гъорлъе ккеялда хIинкъи бугел гIолилазда гьоркьоб.

«Экстремизмалдаса ва терроризмалдаса цIуниялъе, гьелдаса гьукъиялъе хIалтIи гIуцIи гIезегIанго бигьаяб буго, гьединал ишазул хIасилал лъугIизариялдаса. БичIчIикьеялъул хIалтIи, хасго саназде рахинчIезелгун гьабизе ккола махщалида, цIодорго, гьеб ишалъулъе цIазе ккола умумузул комитет, жамгIият, мугIалимзаби, саназде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гIуцIиялъул инспектор ва цогидалги», - ян абуна районалъул прокурор, юстициялъул кIудияв советник **МухIамад МухIамадовас.**

ГIолилал квешал пишабазда гъорлъе ккечIого рукIиналъе гьел спорталде, физическияб культураялде машгъуллъиялъул кIвар букIиналда тIадчIей гьабуна кIалъазе вахъарав



культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул ишазул, туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадовас.**

Райадминистрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулаймановас** абуна: «2016 соналъ райадминистрациялда цебе гIуцIараб саназде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ комиссиялъ хIалтIи гIуцIана планги бахъун, экстремизмалдехун ва терроризмалдехун гьетIи бугел гIадамазул лъималазда гьоркьоб. Гьаруна рейдал, лъазаруна хъизабазда гьединал лъималазул ругел шартIал, ахIвал-хIал. БакIарана роолил каникалазул заманалда гьел ругел бакIазул информация. Гьединал цо-цо лъимал, сах гьариялъул лагеразде ритIана»,-ян.

Экстремизмалда ва терроризмалда данде къеркьеялъул республикаялъул моцI Гумбеталда кин нухда регIарабали бицана Малик Маликовас. ТIоритIулел тадбиразда гъорлъе цIан рукIана гIаммаб лъайкьеялъул киналго гуцIаби, маданиял учреждениязул, спорталъул, гIолилазул политикаялъул отделалъул хIалтIухъаби, росабазул поселениязул администрациял, жамгIиял гIуцIаби, росабазул имамзаби, гIадлунизам цIуниялъул органал.

Данделъиялда кIалъазе рахъана гьединго районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадов,** райадминистрациялъул ишазул управлениялъул нухмалъулесул гражданскияб оборонаялъул ва гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул рахъалъ заместитель **ГIабдурахIман Дайтимирзаев,** Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул участковиял уполномочениязул нухмалъулев **Жамалудин Жамалудинов**, районалъул имам **Юнус Тимирсултанов** ва цогидалги.

Терроризмалда дандечIараб комиссиялъ къабул гьабуна экстремизмалда ва терроризмалда дандечIараб хIалтIи хадубккунги лъикI гIуцIиялде буссараб хIукму.

«Экстремизмалда ва терроризмалда данде къеркьеялъул моцI тIобитIулеб заманалда, гьелъул зарал бичIчIинаби мурадалда цIикIкIун гъорлъе рачана гIолилал, цIалдохъаби. Гьединлъидал нилъер аслияб масъалалъун ккола жамгIияталъе хIинкъи букIинаредухъ, экстремизмалда ва терроризмалда данде къеркьей цадахъ лъугьун, цокIалаб хIалалъ гIуцIизе», -ян тIаде жубана Малик Маликовас.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**«Бихьинчилъиялъе – даимаб рецц»**

-2 гьум.



**УЗИялъ щиб бицунеб бугеб?**

-2 гьум.



**Выходцы из Гумбетовского района покоряют мировые и всероссийские спортивные вершины**

-3 стр.



**Билал Гьиматов республикаялъул турниралда чемпионлъун вахъана**

- 4 гьум.

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# «Бихьинчилъиялъе – даимаб рецц»

### Набигула АхIмадибировасе - Дагъистан Республикаялъул культураялъул министерствоялъул диплом

**Дагъистан Республикаялъул культураялъул Министерствоялда хIасилал гьаруна халкъияб творчествоялъул, фольклоралъул ирсалъул ва этнографиялъул хIакъалъулъ видеофильмазул 24 аб. регионалияб конкурсалъул.**

Конкурс тIобитIана Россиялъул киноялъул сон ва мугIрузул сон кIодо гьабун, 2016 соналъул 13 октябралда. Гьениб гIахьаллъи гьабуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул «Бакълъулазул нур» студиялъги. Конкурсалъул жюриялъ лъикIаб къимат кьуна гIадатияб маданияталъул централъул нухмалъулев **Набигулагъ АхIмадибировасул** «Бихьинчилъиялъе даимаб рецц» абураб видеофильмалъе. ВатIаналъул тарихиябгун маданияб ирс цIуниялъе гIоло Дагъистан Республикаялъул культураялъул министерствоялъул диплом щвана АхIмадибировасе.

Диплом кьеялда бан, данделъи букIана маданияб централда. «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас** рохалилаб ахIвал-хIалалда шапакъат кьуна АхIмадибировасе ва районалъул нухмалъулезул рахьалдасан гьарана гьесие хIалтIулъ хадурккунги церетIеял.



**«Гумбет» РИО**

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Майсарат ГIабдулаевалъул кочIол дунял

### Шамилхъалаялдаса шапакъатгун тIадюссана

**Унсоколо районалъул Шамилхъалаялда тIобитIана магIарул кочIол фестиваль. Гьеб тIобитIиялъе квербакъана мугIрузул территориалияб округалъул управлениялъ, Дагъистан Республикаялъул культураялъул министерствоялъ ва Авар театралъ.** Гьездаса гьоркьоб, сезе. ГIемер сонал руго Майсаратица мандолина хъван, бацIадаб магIарул мацIалда кечI ахIулелдаса. Гьунар бугей кочIохъаналъ гIахьаллъи гьабуна районазда, республикаялда тIоритIарал конкурсазда, кидаго гьез яхъуна Гумбеталъул маданиял централда батIиbatIиял тадбираздаги. Конкурсазда щварал шапакъаталги дагьал гьечIо ГIабдулаевалъул.



**МагIарул кочIол байрамалде данделъун рукIана 17 районалдаса гьалбал.**

Гумбет районалдаса гьунарчагIазги гIахьаллъи гьабуна гьениб. Жюриялъ лъикIаб къимат кьуна, ралагьаразе бищунго рекIее гIурай мандалиналда кечI ахIарай Гумбетлдаса Майсарат ГIабдулаевалъе. Дипломги гIарцулаб сайгъатги щун, тIад юссана Шамилхъалаялдаса Майсарат.

Гьелда шапакъатги баркун, бокьун буго гьелъул кечI ахIизе гьунар букIиналъул рех-

ГIадамаз гIемер абулеб рагIуна, Дагъистаналъул халкъияй артистказул цIаралъе мустахIикъай йигин Майсарат абун. Гумбеталъул маданиял учреждениязул ва библиотекабазул хIалтIухъабазги рахъ ккола гьедин абулезул пикруялъул. Гьей мустахIикъай йиго гьеб хIурматияб цIаралъе.

**Гумбет районалъул культураялъул хIалтIухъаби**

ТIИБ

# УЗИялъ щиб бицунеб бугеб?

### Краснодаралдаса МелъелтIе щвезегIан

**Гумбет районалъул МелъелтIа росулъа Зайнаб Насрулаева цIалана Краснодар краялъул Новопокровский районалъул №14 гьоркьохъеб школалда. 2005 соналда Зайнаб цIализе лъугьана Кубаналъул пачалихъияб медицинаялъулаб университеталъул педиатрическияб факультеталде.**

ЦIалулаго хIалтIана нефрологическияб централда диализалъул отделениялда медсестралъун. Хадуб лъугIизабуна нефрологическияб факультет ва хIалтIана гьенийго лъабгогIан соналъ диализалъул отделениялда врачлъун.



2014 соналъ Зайнаб цIалана УЗИ аппаратгьалъе. Гьебго соналъ Зайнаб гIагараб МелъелтIа росулъе тIад юссана ва хIалтIулей йиго поликлиникалда УЗИ аппаратгьалда. Къода жаниб, сахлъиялъул халгъабизе, аппаратгьалда лъезе вачIуна анцIгоялдаса цIикIкIун чи. Унтухъги гIенеккун, гIузрабиги цIехон, гьелъие дару хъвалев врачасде асклоре ккараб мехалда унти тIаса арабин кКола. Зайнаб унтараздехун кIалъала тамахго, хIеренго. Гьелда батула щивав унтарасул рекIелъе нух.

Гьал къоязда Зайнаб Насрулаева тIамуна методкабинеталъул нухмалъулейлъунги.

**ГIайшат Исламбиева**

АНТИТЕРРОР

# Террор-жамгIияталъе балагь

**Игьали росдал школалда кIудияб кIвар кьолеб буго экстремизм-терроризмалда данде къеркьеялъулъ жидерго бутIа лъеялде. Гьаб моцI лъазабун буго терроризмалда данде къеркьеялъул моцIлъун. Буго гьеб тIобитIизе бахъараб планги, гьелда рекъон хIалтIиги гьабулеб буго.**

Гьеб мурадалда тIобитIана школалда дагьаб цебегIан тIолгошколалъулго линейка. Гьениб бицана Россиялъул БахIарчиясул цIар щварав МухIамад НурбахIандовасул хвел гьечIеб гьунаралъул, гьесул гIумруялъул.

Гьединго школалда тIоритIулел руго классалъул сагIтал, бихьинчилъиялъул дарсал. Гьел данделъабазда цIалдохъаби куцалел руго ВатIан бокьиялъул рухIалда, ритIухълъи, намусхI, цIунизе, кинаб къо тIаде бачIаниги.

Гьебго магIна букIана школалда Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо кIодо гьабун гьабураб мажлисалъулги. Киналго тадбиразда цIакъго тIадчIей гьабуна динalда гьоркьоб баккараб терроризмалда. Ислам гьединал питнабаздаса цIакъго бацIадаб инсанасул напс ва эркенлъи кIодо гьабулеб дин букIин. Исламалъул къануназ къадру борхизабула инсаниялъул. Игьелдерица школалда гуребги росулъги лъазе гьабун буго террор жамгIияталъул тушман букIин. Умумузул нух батана жамгIияталъул тушмангун рагъ лъазе гьабулеб. Игьелдерил жамгIиятги гьеб нухда руго.

**Исрапил Заирбегов**

АНТИТЕРРОР

# Ниж хIалтIулел руго, вац!

**Килалъ росдал школалдаги гьабуна данделъи терроризмалда ва динияб экстремизмалда дандечIей гьабизе ахIулеб. Данделъи гьабуна росдал маданияб централъги школалъул администрациялъги цадахъаб.**

Данделъи рагьана маданияб централъул директор **Исрапил Заирбеговас** ва бицана дунялалда террористаз тIиритIизарулел ругел питнабазул, Сириялда ИГИЛалъ гьарулел ругел вахIшилъабазул. Гьединго гьениб кIалъай гьабуна школалъул ОБЖялъул учитель **МухIамад Насрулаевас.** Гьес бицана МухIамад НурбахIандовасул, гьесул гIумруялъул, бахIарчилъиялъул ва ВатIан бокьиялъул. МухIамад НурбахIандовасул ахирияб «ХIалтIе, вацал» абураб каламалъе жаваблъун лъазабуна гьаб моцI террорalda данде къеркьей гьабиялъул моцIлъун «Ниж хIалтIулел руго, вац» абураб ахIиялда гьоркь. ТIадаблъун гьабуна росдал тIолалго учреждениязда тIоритIизе дандерусинал ва мажлисал. Терроризмалъул хIакъикъат халкъалда бичIизабиялъул мурадалда.

**Исрапил Заирбегов**

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

# Микьго мугIалимасе – меседил гIаламат

### Гумбет районалъул физкультураялъул учительзабаз ГТОялъул норма кьуна

**Гумбет районалъул лъайкьеялъул учреждениязул физическияб культураялъул учительзабаз гIахьаллъи гьабуна ТIолгороссиялъул физкультурниябгун спортивияб «ХIалтIизе ва ВатIан цIунизе хIадур руго» (ГТО) комплексалъул нормативал кьеялъул рахьалъ Дагъистан Республикаялъул чемпионаталда.**

Гьеб тIобитIана Дагъистан Республикаялъул физическияб культураялъул ва спорталъул Министерство гIуцIаралдаса 80 сон тIубаялъул хIурматалда. Чемпионаталде гIадамал ракIарана «Труд» стадионалда. 18 ялдаса 70 ялде щвезегIан сонал ругел мугIалимзабазда гьоркьоб тIоритIана чIараб бакIалдасан кIанцIиялъул, 2 ва 2,5 километраялъул манзилалда рекериялъул ва тIадагьаб атлетикаялъул цогидал тайпабазул къецал. Гумбет районалдаса 12 чияс гIахьаллъи гьабуна гьениб. Меседил гIаламаталъе ГТОялъул нормативал кьуна 8 мугIалимас, гIарцул ва мазгарул гIаламатазе кIи-кIи мугIалимас.

ТIоцебесеб декабралде щвезегIан ГТОялъул нормативал кьезе руго цIалдохъабазги.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪАЗАБИ

**МелъелтIа тIобитIизе буго шайих Дагъистаналъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалдасан конкурс.**

Конкурсалъул буго лъабго этап: тIоцебесеб-13 **ноябралда сагIат 9 ялда, кIиабилеб-20 ноябралда сагIат 9ялда, лъабабилеб-27 ноябралда.**

Бергьаразе кьезе руго: тIоцебесеб бакI ккурасе Лада Гранта автомашина, кIиабилеб бакIалъе 100 азарго гъурущ, лъабабилеб бакIалъе 50 азарго гъурущ. Кьезе руго гьединго къиматал сайгъаталги.

Конкурсалда гIахьаллъизе хъвай-хъвагIай гьабизе ва лъазе бокьарал суалал ругони ахIе гьаб номералде: 89640018736

**ДРялъул муфтияталъул Гумбет районалда бугеб регионалияб отдел**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ – ЗДОРОВЫЙ ДУХ

## Выходцы из Гумбетовского района покоряют мировые и всероссийские спортивные вершины



**Юсуп Саадулаев, боец смешанных единоборств, представляющий клуб «Крепость» г. Москвы. Профессиональный рекорд (16-4). В крайнем бою выходец из села Мехельта одержал победу над бойцом из Бразилии Леандро Исса в организации One championship state of warriors., который прошёл в городе Янгон.**



**Аюб Гимбатов, выходец из села Цилитль, боец смешанных единоборств, представляющий клуб «Академия ММА» и «Ск.Абубакарова». Профессиональный рекорд (9-1). В крайнем бою одержал победу над бойцом из Украины Артемом Шокало на турнире, проходившем в г.Москве fight night global 53.**



**Курбан Гаджиев, выходец из села Аргвани, чемпион мира 2016 года по грепплингу, который прошел в г.Минск 1 октября. Курбан, как и всегда, доказал, что он самый сильный в своей весовой категории в мире и стал заслуженным мастером спорта по грепплингу.**




**7-8 октября в Польше прошел чемпионат мира по вольной борьбе среди ветеранов. На этом чемпионате в весе до 76 кг, Россию представлял уроженец села Аргвани , ветеран спорта , 5 кратный чемпион России по вольной борьбе Ибрагим Ибрагимов и занял 2 место.**



**ЧӀиркъатӀа музеялда**

ТIИБ

## Тохтурзабазул къокъа Гумбеталда

**Гумбет районалъул централияб ва участковиял больницабазде рачIун рукIана консультативиябгун методикияб кумек гьабизе, хал гьаби тIобитIизе республикаялъул сахгьариялъулгун профилактическиял учреждениязул тохтурзабазул къокъа. Гумбеталда сапар гьабуразда гьоркьор рукIана рекIел унтабазул, УЗИялъул, санитариябгун бичIчIикьеялъул хIалтIул тохтурзаби.**

Щивав специалистас хал гьабуна сахлъи цIуниялъул учреждениязда медицинаялъул хъулухъ гьабиялъул бугеб хIалалъул, щвана централияб больницаялда ва поликлиникаялда УЗИялъул кабинетазде, медицинаялъулабгун профилактикияб кабинеталде.

РекIел унтабазул тохтурзабаз Игьали ва ЧIиркъатIа росабалъ къабул гьаруна унтарал гIадамал.

* * *

Гумбет районалъул централияб больницаялда тIобитIана тохтурзабазулгун, фельдшеразулги, медсестрабазулги дандельи. Гьениб «Определение групповой принадлежности и резус фактора с помощью моноклональных антител (по цоликлонам)» абураб темаялда доклад гьабуна хирург **ГIабдулбасир Жамалудиновас.** Хадув кIалъазе вахъарав районалъул больницаялъул бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадовасги** бицана цIияб къагIидаялда бидул группа чIезабиялъул кIваралъул.

Гьелда хадусел къояз тIобитIараб медицинаялъул хIалтIухъабазул семинаралда «Преждевременная отслойка нормально расположенной плаценты, причины, осложнения и неотложная помощь. Синдром Кувелера» абураб докладгун кIалъазе яхъана акушер- гинеколог **Барият НурмухIамадова.**

Семинаралъул хIасилал гьаруна бетIерав врач МухIамад СайгидахIмадовас.

**«Гумбет» РИО**

АГРОПРОМЫШЛЕННЫЙ КОМПЛЕКС

## СПК «Мехельтинский» – визитная карточка дагестанского животноводства

**Дагестан — один из крупнейших регионов России по овцепоголовью: здесь выращивается примерно его пятая часть. Причем, если по стране поголовье в последние годы неуклонно сокращалось, то в Дагестане, напротив, увеличивалось. Немалую лепту в этот процесс вносит СПК «Мехельтинский», поставляя свою продукцию в крупнейшие регионы РФ и завоевывая первые места на крупнейших отраслевых выставках.**

Гумбетовский район — один из самых высокогорных в республике. Однако и на этой территории есть обильная растительность, удобные косьбы, пастбища. Поэтому здесь очень распространены животноводство, овцеводство и земледелие. СПК «Мехельтинский» был основан еще в 1936 году. Сегодня это одно из самых устойчивых и перспективных предприятий района, одно из крупнейших овцеводческих хозяйств по выращиванию овец андийской породы.

Вот уже почти 10 лет хозяйством руководит Курбангаджи Абасов. Он пришел сюда еще начале 1980-х, работал на разных должностях: чабаном, заведующим. Затем был перерыв на административной работе. А в 2006 году на общем собрании коллектива был избран главой сельхозпредприятия. Наследство досталось непростое — 3 млн рублей долгов, сокращающееся поголовье, разваливающиеся постройки и техника. За 10 лет Курбангаджи Хабичович сумел почти в несколько раз увеличить стадо овец и КРС, активизировал развитие растениеводства для заготовки кормов, приобрел новую технику. Сегодня в хозяйстве около 400 единиц КРС и около 5 тысяч овец. Имеется хорошая инфраструктура, теплый коровник и другие постройки.

Основной штат СПК «Мехельтинский» — 75 человек. Но во время сезонных работ коллектив увеличивается в два раза. Семья Курбангаджи Абасова тоже принимает активное участие в работе. Жена и дети помогали по хозяйству, а старший сын заканчивает обучение в колледже и скоро вернется в «Мехельтинский».

Корма в СПК заготавливают самостоятельно, выращивают озимые и яровые сорта зерновых, а также однолетние травы и бахчевые культуры. Продукция СПК пользуется популярностью. Ее закупают, в основном, живым весом и вывозят в крупные города, в том числе в Москву и Санкт-Петербург. Мехельтинские овцы андийской породы — известные экспонаты различных выставок, причем с 1912 года. Спустя 100 лет, они также пользуются успехом и признанием экспертов. Только в прошлом году золотые медали и дипломы за первые места были привезены с международного агропромышленного форума «Золотая осень-2015» и Всероссийской выставки племенных овец в Элисте.

«Нам по праву есть, чем гордиться, однако, несмотря на достигнутые успехи и показатели еще есть, над чем работать, — отмечает Курбангаджи Абасов. — В наше время, когда шерстяная продукция не находит сбыта, производить баранину выгоднее, используя в том числе андийскую породу. Сегодня на нашу продукцию имеется спрос, поэтому, считаю, что у предприятия хорошие перспективы для развития».

**Дмитрий Подобед**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

## Операция «Незаконный перевозчик»

**Согласно распоряжению МВД по РД №26/78р от 06Л0.2016 г., как и на территории Республики Дагестан, на территории Гумбетовского района с 17 октября по 17 ноября 2016года проводится оперативно-профилактическая операция «Незаконный перевозчик».**

Данная операция направлена на выявление, и пресечение нарушений Правил дорожного движения и обеспечение безопасности перевозок пассажиров автотранспортом, принадлежащим физическим и юридическим лицам.

ОГИБДД ОМВД России по Гумбетовскому району проводит работу по проверке технических средств, осуществляющих перевозки пассажиров, на предмет их технического состояния, наличия разрешительных документов, страховок, путевых листов, прохождения медицинского обследования водителями перед выходом на линию. Также проводится работа, направленная на выявление фактов управления пассажироперевозящим транспортным средством с техническими неисправностями, переоборудованными в нарушение установленных требований, особенно установлению лишних сидений и незаконной установки газового оборудования.

Проводимой работе особое внимание уделяется на выявление нарушений правил перевозки пассажиров, в том числе перевозке детей без специальных удерживающих устройств.

Водителям необходимо знать, что нарушения правил дорожного движения, превышения скоростного режима автотранспортом, занятым в сфере перевозки пассажиров могут приводить к резонансным дорожно-транспортным происшествиям с тяжкими последствиями, ибо в Ваших руках жизнь и здоровье граждан.

В обязательном порядке водители должны заменить летнюю резину колес зимними, так как большинство ДТП в осенне-зимнем периоде случаются именно по этой причине. Удачи на дорогах!!!

**Расул Лабазанов,**
**и.о. начальника ОМВД России по Гумбетовскому району,**
**майор полиции**

РОДИНА-МАТЬ ЗОВЕТ

**Выписка из плана отбора кандидатов из числа граждан, прошедших и не проходивших в/с для комплектования первых курсов военных образовательных организаций высшего профессионального образования Министерства Обороны Российской Федерации, для обучения по программам со средней военно-специальной подготовкой в 2017 году для отдела военного комиссариата Республики Дагестан по Казбековскому и Гумбетовскому районам:**

| № | Наименование военно-учебных заведений | Место дислокации | Наряд |
|---|---|---|---|
| 1 | Дальневосточное высшее общевойсковое командное училище ( г. Благовещенск) | ВВО | |
| 2 | Рязанское высшее воздушно-десантное командное училище (военный институт ) | ЗВО | 1 |
| 3 | Тюменское высшее военно-инженерное командное училище (военный институт) | ЦВО | |
| 4 | Михайловская военная артиллерийская академия (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | |
| 5 | Военная академия войсковой противовоздушной обороны ВС РФ (филиал г. Смоленск) | ЗВО | |
| 6 | Военная академия войск РХНЗ (г Кострома) | ЗВО | |
| 7 | Военно- учебный научный центр Военно-воздушных сил «Военно- воздушная академия» ( г. Воронеж) | ЗВО | 1 |
| 8 | Военно- учебный научный центр Военно-морского Флота «Военно-морская академия» ( г. Санкт-Петербург ) военный институт (военно-морской ) | ЗВО | |
| 9 | Военно- учебный научный центр Военно-морского Флота «Военно-морская ‘ академия» ( г. Санкт-Петербург ) военный институт (военно-морской политехнический ) | ЗВО | |
| 10 | Военно- учебный научный центр Военно-морского Флота «Военно- морская академия» (филиал г. Калининград ) | ЗВО | |
| II | Тихоокеанское высшее военно-морское училище им. С.О. Макарова (филиал г. Влади восток) | ВВО | |
| 12 | Черноморское высшее военно-морское училище (г. Севастополь) | ЮВО | |
| 1 и | Военная академия РВСН ( филиал г. Серпухов Московской обл. ) | ЗВО | 1 |
| 14 | Военно-космическая академия (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | |
| 15 | Военная академия связи (г. Санкт-Петербург ) | ЗВО | |
| 16 | Краснодарское высшее военное училище | ЮВО | |
| 17 | Череповецкое высшее военно-инженерное училище радиоэлектроники (г. Череповец Вологодская область] | ЗВО | |
| 18 | Военная академия материально-технического обеспечения (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | |
| 19 | Военная академия материально-технического обеспечения (военный институт железнодорожных войск и военных сообщений) (г. Санкт- Петербург ) | ЗВО | |
| 20 | Военная академия материально-технического обеспечения (г. Санкт- Петербург ) военный институт (инженерно- технический) | ЗВО | |
| 21 | Военная академия материально-технического обеспечения ( филиал г. Вольск .Саратовская обл.) | ПВО | |
| 22 | Военная академия материально-технического обеспечения ( филиал г . Пенза) | ЦВО | |
| 23 | Военная академия материально-технического обеспечения ( филиал г. Омск) | ЦВО | |
| 24 | Военно-медицинская академия (г. Санкт-Петербург) | ЗВО | |
| 25 | Военный институт физической культуры (г. Санкт-Петербург) **Итого** | ЗВО | 3 |

**Военный комиссариат РД по Казбековскому и Гумбетовскому районам**

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ – МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# Билал Гьиматов республикаялъул турниралда чемпионлъун вахъана

**МелъелтIа ДЮСШ-ялъул цIалдохъан Билал Гьиматов гIахьаллъана Казбек районалъул Дилим росулъ лъайкьеялъул учреждениязда гьоркьоб тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ республикаялъулаб турниралда. Гьеб тIобитIулеб букIана СССРалъул спорталъул мастер Азаевасул призалъе гIоло.**

Гумбет районалъул МелъелтIа ДЮСШялъул цIал-дохъан Билал Гьиматовас 46 кг. цIайиялъул гугарухъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна.

«Турниралда гIахьаллъи гьабуна республикаялъул ва тIолгороссиялъул кьецазул призераз. Билал Гьиматовас ракIчIараб бергьенлъи босана финалиял кьецазда. Дагъистаналъул тIаса бищараб командаялда цадахъ гьев гIахьаллъизе вуго Адлер шагьаралда тIоритIизе ругел, Россиялда тIоцебесеб бакIалъе гIоло, эркенаб гугариялъул кьецазда 2016 соналъул 22-25 декабралда»,-ян абуна МелъелтIа ДЮСШялъул тренер **Шамил Халидовас**.

**«Гумбет» РИО**

ЗИГАРА

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадировасда, гъваридаб пашманлъиялдалъун, зигара балелеб буго, яс **ПатIимат** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Хваралъе алжан насиблъаги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.

**СайгидахIмад АхIмадов,**
**Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул председателасул тIоцевесев заместитель**
**МухIамадгIали МухIамадгIалиев,**
**Дагъистаналъул ХIукуматалъул ЦIияблак районалъул тумал гочинариялъул суалазул рахъалъ управлениялъул нухмалъулев,**
**НурмухIамад ГIалиев, МухIидин МухIидинов, ХIажимурад МухIамадов,**
**Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутатал,**
**Гумбет районалъул гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул бутIрул, депутатал, жамгIиял хIаракатчагIи, районалъул тIолабго жамагIат.**

Гумбет районалъул Собраниялъул депутат, **Гъайирбег ГIабдулхIалимов** ва гьесул хъизан **ХIалимат ГIалиева** чIвадарухъабазул квердасан гIумруялдаса ратIалъиялда бан, гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго, гьезул лъималазда, гIага-божаразда.

Хваразе алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе халатаб гIумруги кьеги.

**Гумбет районалъул нухмалъулел, депутатал, росабазул бутIрул, районалъул жамагIат**


БетIерав редактор
ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Кьурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.